QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

Nukus shahri, 230100, A.Dosnazarov k. 62

Nókis qalası, 230100, A.Dosnazarov k. 62

Tel: (0-361) 2222437, 2229520: www.kkedu.uz, e-mail: qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

29-апрель 2021- yil/jıl. № 02-02/1-2236

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Министрлер Кеңесине**

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2021-жыл 24-февральдағы «Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги ҳәм Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлимине қараслы мектеплеринде ис жүргизиў ҳүжжетлери, сыртқы жазыўлар, реклама ҳәм дағазалар, көргизбели хабарландырыў текстлериниң «Мәмлекетлик тил ҳаққында»ғы ҳәм «Реклама ҳаққында»ғы нызам ҳүжжетлерине муўапықлығын мақсетли үйрениў жуўмақлары» ҳаққындағы 7-санлы баянламасының додаланыўы бойынша 2021-жыл 5-март күни Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигинде жыйналыс өткерилди.

Жыйналыс қарары тийкарында анықланған кемшиликлерди сапластырыў бойынша исши топар қурамы дүзилип, министрликтиң бөлим баслықлары тәрепинен барлық түрдеги ис жүргизиў ҳүжжетлери, сыртқы жазыўлар, реклама ҳәм дағазалар, көргизбели хабарландырыў текстлери «Мәмлекетлик тил ҳаққында» ҳәм «Реклама ҳаққында»ғы нызам ҳүжжетлерине муўапықластырылды. Сондай-ақ, барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлеринде мәмлекетлик тил ҳаққындағы нызам ҳүжжетлерине әмел етилиўи бойынша «Мәсләҳәт орай»лары шөлкемлестирилип, бүгинги күнде жумыс алып бармақта.

Үйренилген Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлимине қараслы улыўма орта билим бериў мектеплериндеги анықланған қәте-кемшиликлер 2021-жыл 10-март сәнесинде Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлими жанындағы өндирислик кеңес мәжилисинде көрип шығылды ҳәм ис илаж ислеп шығылды. Исши топар орынларда болып, улыўма орта билим бериў мектеплериниң мөри ҳәм штампасындағы, ески латын алфавитиндеги баннерлерди, норматив ҳүжжетлердеги ҳәм айырым хабарландырыўшы текстлердеги қәте-кемшиликлерди сапластырыўға еристи.

*Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлими жанындағы өндирислик кеңесиниң 2021-жыл 10-март сәнесиндеги мәжилиси баянламасы ҳәм ис илажлары қосымша етиледи.*

**Министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а** **Қ.Бекбаўлиев**

Орынлаўшы: Қ. Жубанов
Телефон : 90 592 80 56

| | | |
|---|---|---|
| 39-санлы мектептиң кирер аўзындағы қол менен өзгертилген табличкалар ески латын графикасынан таза латын графикасына, 13-санлы мектеп ишиндеги баннерде "O'RT QA'WIPSIZLIGI MU'YESHI" сөзлери "O RT QA WIPSIZLIGI MU YESHI" деп өзгертилгенлигин тез арада сапластырыў | 2021-жыл март | 39,13-санлы мектеп директорлары |
| 7-,33-санлы мектеплердиң штамп жазыўлары ески латын графикасынан таза латын графикасына өткериў | 2021-жыл март | 7, 33-санлы мектеп директорлары Б.Жалекеев, С.Иниятова |
| 46-санлы мәмлекетлик қәнигелестирилген мектебиндеги сыртқы жазыў хәм ишки қарақалпақ классларындағы стенд хәм баннерлердеги ески латын графикасындағы жазыўлардағы имла қәтелерин (сабақ кестеси қыстырылған баннерде "Baslawish klass" сөзи "Baslawshı klass") дүзетиў, баннер жазыўларындағы апостроф белгилерин акут белгилерине өзгертиўде ( "DO'RETIWSHILIK DO'GEREKLERI" сөзлери "DO RETIWSHILIK DO GEREKLERI") итибарсызлықты сапластырыў | 2021-жыл март | 46-санлы мектеп директоры М.Абдикаримова |
| 22-санлы мектептиң сыртқы жазыўлары, психолог ханасы, оқыў ханаларына қыстырылған стендлер, буклетлерди ески латын графикасындағы жазыўларды сапластырыў. | 2021-жыл март | 22-санлы мектеп директоры Ш.Ембергенова |
| 36-санлы мектепте қыстырылған кирилл әлипбесиндеги жазылған дағазалардың («Өзбекстан» сөзи "Озбекстан"), мектеп ишиндеги көргизбели жазыўлар, стенд хәм баннерлердиң айырымларын ески латын әлипбесиндеги жазыўдан өзгерис киритилген латын графикасындағы әлипбеге тийкарланып қәтесиз жазыў | 2021-жыл март | 36-санлы мектеп директоры А.Жолдасова |
| 19-санлы мектепте де ески латын графикасында «BUYRI'QLAR HA'M DAG'AZALAR» сөзлери «BUYRI QLAR HA M DAG AZALAR», физика пәни ханасы есигиндеги табличкасы "FIZIKA PA'NI KABINETI" жазыўларын көрип шығыў хәм жаңалаў | 2021-жыл март | 19-санлы мектеп директоры З.Бегжанова |
| 51-санлы мектептиң мөр хәм штампасы таза латын графикасындағы алфавитке өзгертилгенде жиберилген қәтесин сапластырыў, "Yo'l harakati qoidalari", "1-4-KLASSLAR" сөзлериндеги қәтелерди сапластырыў | 2021-жыл март | 51-санлы директоры Х.Ембергенова |
| 50-санлы мектепте жазылған жазыўлар, буклетлер, муғаллимлердиң хүжжетлери, мектептиң хүжжетлер топламларында (реестрлер), сыртқы жазыўларда кирилл алфавитиндеги хәм ески латын графикасындағы жазыўлардағы бир қанша имла қәтелерин сапластырыў | 2021-жыл март | 50-санлы мектеп директоры Э.Палуанова |
| Бөлимге қараслы мектеплерде ис-жүритиў хүжжетлери, сыртқы жазыўлар, реклама хәм дағазалар, көргизбели хабарландырыў текстлериниң "Мәмлекетлик тил хаққында" хәм "Реклама хаққында"ғы Нызам хүжжетлерине муўапық дурыс жазылыўына жуўапкершиликти күшейтиў | 2021-жыл март | Барлық мектеп директорлары |
| Кемшиликлерди сапластырыў бойынша алып барылған жумыслар хаққында бөлимге мағлыўмат бериў | 2021-жыл апрель айының 3 хәптеси | Мектеп директорлары |